

## SA KI NAN LIV LA

DEDIKAS AK REMESIMAN	2
ENTWODIKSYON	3
DESKRIPSYON AK KONTRNI ESPAS OUVRI	7
PRENSIP POU GIDE MOUN K AP PATISIPE NAN ESPAS OUVRI	9
PREPARASYON POU ESPAS OUVRI : YON LIS TOU KOUT	10
KESYON POU KOMANSE : KISA YON ENVITASYON DWE REPONN ?	12
ELABORASYON ENVITASYON AN : KISA NOU VLE PATISIPAN YO FÈ ?	13
GRAN PWEN AN : « ANN ALE »	15
ENVANTÈ POU YON RANKONT ESPAS OUVRI	16
WOL FASILITATÈ ESPAS OUVRI	17
KÈK EKZANP LÈT ENVITASYON	20
MODÈL PREZANTASYON ESPAS OUVRI	27
FOMILÈ POU MOUN K AP PRAN NÒT NAN ESPAS OUVRI	31
LIS ÒGANIZASYON AK REZO KI SÈVI AK ESPAS OUVRI ANN AYITI	33

## Dedikas

Nou dedye liv sa pou tout moun k ap travay pou devlope yon lòt kalite lidèchip an Ayiti, espesyalman pou tout pratikan ak tout moun ki soutni devlopman Espas Ouvri.

## Mèsi anpil

Kreyasyon ak adaptasyon liv gid sa a pa t ap posib san kolaborasyon ak angajman anpil zanmi, kòlèg epi patisipan nan rankont ak seminè Espas Ouvri yo. Mèsi espesyal pou Steven WERLIN, Eroid SAINT-LOUIS, Christine BARNDEN, ak Jean PLAISIR pou kontribisyon yo nan tradiksyon plizyè doikman ki te an anglè.

Nou vle di mèsi a Jean Emmanuel BLAISE, Johnny SAINT-LOUIS, plis tout lòt moun ki te kontribye sou kelkeswa fòm nan pou ede nou reyalize liv sa a. Mèsi espesyal pou BEYOND BORDERS, BYA (Boston Youth Association, Site Soley), CONCERN WORLDWIDE, FONKOZE (Fondasyon Kole Zepol), KONPAY, KPA (Kreyen Pwogrè Ansanm, Pestel), LKM (Lekòl Kominotè Matènwa), S.P.A.R.E., VIDWA (Vizyon Dwa Ayisyen) ak WOTALFA pou jan yo te kontribye nan reyalizasyon divès kalite eksperyans ak metòd Espas Ouvri. Mèsi tou pou Enstiti Espas Ouvri Etazini ak Enstiti Espas Ouvri Ayiti ki pa janm bouke bay sipò pou tout kalite inisyativ. Finalman yon gwo kout chapo pou Harrison Owen, kreyatè Espas Ouvri, ki te otorize nou sèvi ak nenpòt pati nan liv li a.

Frémy CESAR,  
Kowòdonatè piblikasyon liv la.

## **I. Entwodiksyon**

N ap viv nan yon kontèks kote bon lidèchip ap vin pi enpòtan chak jou. Peyi nou ap konfwonte pwoblèm grav tankou grangou, pi fò nan timoun Ayisyen pa p jwenn bon edikasyon, koripsyon, vyolans, anviwonman k ap deteryore chak jou, elatriye. Epi tou, kominote yo ap vin pi sansib sou kesyon patisipasyon. Anpil moun ap pale sou enpòtans dyalòg ant moun nan sektè divès. Genyen enstitisyon entènasyonal k ap egzije pou inisyativ yo soti nan kominote defavorize menm epi se manm kominote k ap responsab pou jere yo. Yon sityasyon ki konplike konsa mande nou repanse pratik ak lide nou. Metòd Espas Ouvri se youn nan zouti enpòtan ki kapab ede nou abòde defi n ap konfwonte nan zafè lidèchip ak patisipasyon.

### **Espas Ouvri**

#### **Ki sa li ye?**

Espas Ouvri se yon metòd pou reyalize rankont ki dinamik epi ki pote anpil fwi avèk nenpòt kalite gwoup oubyen òganizasyon. Eksperyans nou pandan 20 dènye lane yo montre nou abitud ouvri espas, kòm yon pratik nan lidèchip, kapab rann nenpòt òganizasyon pi kreyatif e pi efikas.

Nan rankont ak evènman Espas Ouvri yo, se moun ki prezan ki bati pwòp pwogram pa yo pou tan yo pral pase ansanm. Nòmalman gen yon seri atelye diferan k ap fèt alafwa parapò a sijè patisipan yo te pwopoze. Epi, chak moun decide pou kont li nan ki atelye li vle patisipe. Rankont oswa evènman yo toujou fèt sou yon tèm ki gen enpòtans pou moun yo, pa egzanp : "Ki estrateji tout moun ki enplike vle devlope epi kolabore ansanm menm pou reyalize estrateji sa a?"

## **Kantite patisipan nou ka jwenn nan yon rankont Espas Ouvri.**

Avèk gwoup 5 pou rive pase 1000 moun, kit se yon rankont yon sèl jou, kit se yon konferans twa jou, oswa yon reyinyon regilyè, rezilta n ap viv se yon dinamizasyon nan aktivite kolèktif yo. Tan moun pase ansanm pral bay yo yon bon moman pou fè dyalòg, planifye, aprann yonn nan men lòt, dekouvri, vin pi angaje epi reyalize plan yo menm.

## **Ki lè e poukisa ?**

Metòd Espas Ouvri mache byen lè travay ki gen pou fèt la trè konplike, gen divès moun ak ide ki enplike, gen anpil anvi (ak tandans pou konfli) pou rezoud pwoblèm nan, epi tan ap kouri rapidman anfas dènye delè a.

Moun konn esplike l : "pasyon mare ak responsablite," "enèji pandan yon bon poz kafe," "oto-òganize entansyonèl," "lespri an aksyon," "kawo ak kreyativite," "evolisyon nan òganizasyon." Antouka se yon fason senp epi yon fason efikas pou ede yon òganizasyon oswa yon gwoup avanse lè li bezwen avanse.

Espas Ouvri ka sanble manke yon bon chanpant, men, an reyalyte chapant patisipan yo fòme a koresponn dirèkteman a sa ki dwe fèt pou asire pa gen blokaj nan travay la. Nòmalman, istwa ak plan travay yo ki sòti nan Espas Ouvri kapab pi apwopriye epi pi dirab pase plan yon ekspè oswa responsab yo enpoze.

## **Kisa ki pral rive?**

Nou pa janm konnen egzakteman ki sa k pral rive lè n ouvri espas. Kanmenm, gen rezilta ki kapab asire depi yon gwoup antre nan Espas Ouvri:

1. Sijè ki gen plis enpòtans pou patisipan yo pral pwopoze epi abòde.
2. Moun ki pi byen plase pou reyalize yon solisyon pral abode sijè ki pwopoze yo.
3. Pandan yonn oubyen de jou, lide ki pi enpòtan yo, enfòmasyon, rekòmandasyon, konklizyon, kesyon ki dwe etidye pi plis, ak plan pou aksyon imedya yo, pral gentan parèt nan yon rapò ki pral disponib pou chak patisipan aprè rankont la.
4. Lè li apwopriye, patisipan yo kapab mete an priyorite enfòmasyon nan rapò sa yo pandan pandan yon tan kout, menmsi gen gwoup ak plizyè santèn moun.
5. Aprè rankont/evènman an, tout rezilta sa yo kapab disponib pou lòt moun ki enplike men ki pa t nan rankont la, pou yo menm tou kapab envite patisipe nan reyalizasyon plan yo, san pèdi tan.
6. ANPLIS, plan ki sòti nan rankont sa yo kapab aplike pi fasil pase sa ki sòti nan lòt kalite entèvansyon pou yon gwo gwoup. Istwa montre nou gen plan ak estrateji ki sòti pandan rankont Espas Ouvri yo ki ka mande plis tan pou devlope epi reyalize si se metòd pi tradisyonel yo nou t ap itilize.

Se bon nouvèl ak move nouvèl alafwa. Sa ki bon, Metòd Espas Ouvri a kapab fasilite aksyon ak travay. Sa ki kapab move kèk fwa, sètènman pral gen chanjman nan fonksyonman òganizasyon an oswa gwoup la. Gen bagay nou pa t atann ki kapab parèt epi bagay ke nou t ap atann tou, ki pa parèt. Kapab gen revè a tou. Se tankou lavi menm. An rezime, Metòd Espas Ouvri kapab fè òganizasyon yo vin pi vivan.

Nan yon sans, sa mande nou kiltive prensip epi fè eksperyans ak estrikti òganizasyon ki chita sou pwèn sa yo:

- Yon modèl lidèchip pou sèvi, ki ankouraje epi sipòte moun nan pwosesis pou yo dekouvri pasyon yo.
- Gwoup moun k ap aprann ansanm, kote moun ap chèche grandi ak evolye ansanm pandan y ap rete solidè ak lòt ki bò kote yo, sitou sa sosyete a bliye epi mete sou kote.
  
- Yon Lespri antreprenè, kote moun santi yo pouse pou inovè ak pran risk pou rive acheve sa yo kwè ladan l.
  
- Yon modèl edikasyon ak lidèchip ki:
  - Devlope lespri otonomi.
  - Sansibilize moun pou dekouvri kapasite ak talan yo.
  - Baze sou responsablite endividyèl ak aksyon.

## I. DESKRIPSYON AK KONTNI ESPAS OUVRI

Espas Ouvri se yon metòd ki pèmèt tout kalite moun, nan nenpòt kalite òganizasyon oswa gwoup reyalize rankont ki pote anpil fwi, kit gen set (7) moun, mil (1000) moun,.... Metòd Espas Ouvri chita sou sipozisyon moun ki vrèman konsène sou yon kesyon oubyen yon pwoblèm, ki vle pran responsablite pou jwenn repons oswa solisyon pwoblèm yo.

Pandan ven (20) lane ki sot pase yo, li vin klè Espas Ouvri kòm pratik animasyon ka rann òganizasyon ak gwoup pi dinamik ak pi efikas nan rezoud pwoblèm yo. Nan anpil peyi kote ki gen anpil pwoblèm, moun konn itilize metòd Espas Ouvri pou ede yo rezoud pwoblèm yo.

**Espas Ouvri** se yon filozofi, yon pratik, yon pwosesis ki fè l posib pou nenpòt gwoup, piti kou gwo, pou travay ansanm epi jere tèt yo yon fason efikas epi akonpli travay ki enpòtan ki kapab senp oubyen trè konplèks.

Espas Ouvri se yon fason pou kreye yon dinamik refleksyon pwofon nan detant ak fleksibilite. Yon ambyans kote patisipan yo gen plis libète ak plis responsablite. An reyalite nan metòd Espas Ouvri, gen yon maryaj ant **pasyon ak responsablite**. Depi yon moun pasyone sou yon bagay, gen konviksyon sou yon pwèn oswa yon sijè, fòk li pran responsablite pou li.

Anfèt, èske se pa konsa tout bagay nan lavi ki gen enpòtans ap reyalize? Moun ki pasyone sou yon bagay pran responsablite pou reyalize l.

Men kèk pwèn ki rezime responsablite yon moun k ap patisipe nan rankont k ap fèt ak metòd Espas Ouvri.

- Ekri sijè ki tonbe anba tèm li ta renmen abòde pandan rankont la (sou yon fèy papyè), ak non li anba l.**
- Anonse l (san li pa bezwen esplike l).**
- Chwazi yon post-it ki di nan ki atelye ak ki lè li pwopoze pou lòt moun vin reflechi sou sijè avèl epi afiche l.**

- ❑ **Parèt nan atelye a, chwazi, nan tèt kole ak lòt patisipan yo, yon moun pou pran nòt e pou bay rezime sou sa k te pase nan atelye a, nan fen rankont la.**
- ❑ **Anime diskisyon yo – favorize patisipasyon tout moun.**

La, w ap jwenn yon gid pou ede ou (lanse diskisyon an) demare chita pale nan atelye a: “Mwen te ekri sijè sa a paske ....”(bay yon eksplikasyon tou kout sou rezon ki te fè ou pwopoze sijè a) . “Kounye a, annou fè yon wonn. Chak moun prezante tèt yo epi eksplike poukisa sijè sa enterese yo .”

Fòk tout moun konnen pou yo sonje remèt nòt yo! Gen yon rapò k ap prepare kote tout moun ki patisipe nan rankont la dwe jwenn yon kopi. Konsa, li enpòtan si yon moun pran nòt nan yon atelye, pou li remèt yon manm komite òganizatè a nòt la. Swivan nivo devlopman teknoloji nan zòn kote rankont la ap fèt, kapab gen odinatè disponib pou moun ki vle tape nòt yo pèsònalman. Men sa ki pi enpòtan, fòk gen yon moun ki pran nòt epi remèt li yon fason pou l pataje ak rès patisipan yo.

Nan Espas ouvri gen sa yo rele : mache vilaj. Apre tout moun ki vle prezante yon atelye gentan vin ekri l, anonse l, epi afiche l nan espas ki rezève pou sa, gen yon ti moman ki rele mache vilaj la (- sa ka pran 10-15 minit -).

Lè n ale nan mache a kisa nou konn fè, nan lavi kotidyen ? Nou chèche bagay ki entèrese nou epi nou negosye pri yo. Nan espas ouvri se prèske parèy. Tout moun pral vin devan kote tout sijè yo afiche a, kanpe gade epi detèmine ki atelye yo ta renmen patisipe ladann. Epi, ekri non yo sou papye a. Sa pa vle di, fòk w la. Men sa vle di, ou gen entansyon pou patisipe nan atelye k ap fèt sou sijè sa a. Petèt, patisipan yo pral konstate gen sijè ki makonnen. Yo gen dwa negosye avèk animatè yo pou pwopoze mete yo ansanm. Men, pa gen pwoblèm si gen plizyè atelye sou menm sijè. Nou konnen, gen lè dyalòg ant yon ti gwoup moun kapab pi rich anpil pase dyalòg k ap fèt nan gwo gwoup. Yon lòt bagay ki ka rive. Petèt kèk moun ka konstate gen de (2) atelye ki enterese yo pandan menm sesyon an. Pa gen

pwoblèm pou yo negosye ak animatè yo pou fè yon ti chanjman. Depi animatè a gen tan fini prezantasyon an, epi patisipan yo fini ak faz mache vilaj la, moun yo kapab chache jwenn premye atelye yo. Depi atelye yo kòmanse, jesyon ajanda rankont la chita nan men patisipan yo. Kidonk, se chak patisipan k ap jere tan l anfonksyon de sa ki enterese l.

### **PRENSIP POU GIDE MOUN K AP PATISIPE NAN ESPAS OUVRI :**

Yo ka parèt yon ti jan dwòl men yo pral sèvi nou byen kanmenm.

- ❖ **Moun Ki Parèt nan atelye w ap fè a, se moun ki sipoze la.** Sa vle di, pa okipe tèt ou sou kilès ki la epi kilès ki pa la.
- ❖ **Lè Atelye a kòmanse se lè li dwe kòmanse.** Pa okipe tèt nou twòp sou ki lè li ye. Se klè, nou pa ka pwograme enspirasyon ak kreyativite moun yo. Atelye yo ka kòmanse pi bonè oswa yon ti jan anreta parapò alè ki prevwa a.
- ❖ **Sa ki pase se sa ki te dwe pase. Aprann epi avanse.** Sa vle di, pa enkiyete w apre si nou manke pale sou tèl sijè, si nou pat manyen tèl bagay. Ak espas ouvri, kapab gen bagay ki pase ki pral etone nou. Konsa, patisipan nan Espas Ouvri dwe prepare pou pwofite plis posib nan konvèsasyon yo.
- ❖ **Lè atelye a fini li fini.** Depi nou gen tan fin byen abòde sijè a, men gen tan ki toujou rete pou atelye a, gwoup la ka deside atelye a fin travay epi patisipan yo kapab deside al patisipe nan yon lòt atelye oubyen petèt, lide nou yo pral fèk kòmanse boule byen epi tan gentan fini. Pa gen pwoblèm. Gwoup la ka deside rate pwochen atelye yo sipoze patisipe yo.

### **Lwa de (2) pye ( Lwa mouvman) :**

Gen yon sèl lwa nan Espas Ouvri – “Lwa de pye”. Lwa sa vle di, si ou chita nan yon atelye epi w santi ou p ap aprann yon bagay ni ou pa ka kontribye nan chita pale a, fòk ou (sèvi avèk de pye w) deplase, pou al patisipe nan yon lòt atelye oubyen yon lòt aktivite. Pa gen pwoblèm di tou si w fè sa. Moun k ap anime atelye a dwe konnen moun den dwa leve kanpe, kite chita pale a. Se pa pou animatè a santi l blese/mal/wont si sa rive. Avantaj lwa sa a (de pye) konn pote:

- ❖ Animatè a konnen, se sèlman moun ki vrèman vle patisipe nan atelye a k ap la. Pa gen moun k ap chita tankou zonbi – moun yo la paske yo vle la.
- ❖ Lwa a, krewe yon dinamik nou rele papyon ak myèl. Nou konn gade myèl yo. Yo pase pran sik yon pakèt flè pou fè siwo myèl. Sa vle di, yon moun ki sòti nan yon atelye gen dwa antre nan yon lòt epi pote bon lide ke li fèk tandè diskite nan lòt la. Epi nou konn wè papyon tou. Yo fè nenpòt kote yo poze pi bèl epi pi enteresan. Petèt ou pral kite yon atelye pou al kanpe sou balkon an oswa fè yon ti mache epi w pral fè anbyans la pi bèl. Souvan, pandan yon ti moman konsa, bèl echanj ak dyalòg kapab pase spontane ak lòt moun ki kwaze avèk ou.

## **I. PREPARASYON POU ESPAS OUVRI : YON LIS KOUT**

Gen kat (4) ou senk (5) pwen kle nan preparasyon yon rankont Espas Ouvri. Pafwa premye ak twazyèm pwen ki nan lis la ka rantre nan pwosesis envitasyon an. Pafwa kontribisyon yon gwoup lidèchip (*granmoun tèt li*) tèlman enpòtan li dwe adrese tankou yon travay apa. Kounye a, men yon ti lis kout pou konsidere sou kesyon preparasyon an...

### **Rankont ak Ekip lidèchip:**

Envitasyon an se senpleman kesyon santral ki dwe adrese, akonpanye, pi klè sou li epi bon istwa sou (1) sa k ap pase a, (2) kouman nou fè la, (3) Kisa ki nesesè (pou fè oubyen diskite) nan moman an, (4) kilè e ki kote nou pral reyini (pou fè oubyen diskite). Li ka senpleman kat fraz tou kout oubyen kat paj byen long. Sa ki enpòtan se kan moun ki nan lis envitasyon an li li, yo tandè istwa a, ki kalite bagay ki pase, ak sa ki bezwen akonpli yo, tankou se pwòp bagay pa yo. Se fason sa a yo konnen yo fè pati rankont la lè li fèt. Objektif pou ekri envitasyon an se pou bay verite a epi mande, ak anpil atansyon, sou sa ki nan moman an pi enpòtan nan istwa gwoup la oubyen òganizasyon an. Souvan yon bon envitasyon toujou melanje grandè ak reyisit, pasyon ak pratik.

### **Lis Envitasyon**

Lis envitasyon an dwe enkli tout moun, wi tout moun ki ka gen yon enterè ou menm kontribisyon pou reyalize objektif la. Nenpòt moun ki gen volonte dwe byenvini pou patisipe, aprann e kontribiye nan travay la.

### **Kontribisyon Espesyal ak Desizyon**

Yon gwoup lidèchip ka endike pou envite yo (1) dènye done sou kondisyon yo, bezwen ak atant yo, (2) direksyon estratejik ak priyorite yo, (3) atou (avantaj) ak resous ki deja disponib pou konsiderasyon oubyen aplikasyon, e/ou (4) rekonèt limit yo, obstak yo ou otreman paramèt ki pa negosyab yo ki pou yon rezon oubyen yon lòt, dwe fè travay la pwogrese.

### **Lojistik Pwogram nan :**

Li gen ladan li plas, kantite tan, materyèl ak planifikasyon sou manje. Tout bagay sa yo dwe byen detaye, ranje e klase nan lòd ak objektif ki nan envitasyon an.

### **Soutyen :**

Kontinyite depann sou sipò ki founi. San sipò pa gen lepri soutyen – pwobableman pap gen «aksyon.» Kèk sipò enpòtan gen ladan yo dokimantasyon, dat pwochenn rankont yo, finansman oubyen lòt resous, e pafwa sipò ekipman pou pwochenn rankont yo.

## II. KESYON POU KÒMANSE : KISA YON ENVITASYON DWE REPONN ?

Konsidere bagay sa yo, se pa tankou kesyon èske men pito tankou gran tit k afiche nan lis. Sa yon bon envitasyon bezwen se fè yo, kout e dous, bagay ki pi enpòtan yo, ke tout moun deja konnen, tout ranje ansanm nan yon sèl plas, pou pi bon revizyon ak aksyon.

Ki « objektif » rankont/ atelye patikilye sa ? E pou konbyen tan ? Kisa ki kalifye kòm « aksyon » e kisa ki oblije nan yon « plan d aksyon ? » Si objektif la pa « aksyon » donk kisa ki « objektif » sa ? Vizyon ? Estrateji ? Estrikti ? Sipò ? Rezoud konfli ? Kijan de bagay ke moun pral asepte ki atenn objektif la ak siksè ?

Ki pi bon bagay nou te janm fè nan gwoup sa, ki pat gen okenn rapò ak « objektif » la ? Eske yo ase resan pou pran yo kòm egzanp pou repete oubyen devlope yo plis ?

Ki kondisyon kouran ki enpòtan? Etid (*egzaminasyon*) done ? Done anekdotik ? Priorite yo? De-prioritizasyon? Kriz kouran yo? Chanjman pi devan yo?

Ki bagay sa yo nou konnen nou vle/ bezwen fè/ genyen/ kreye konyeya ou apre ? Ki aktivite ki dwe kreye ou kontinye menm kan gen nenpòt kriz nan moman an, konfli ou chanjman?

Ki moun ki nesèsè pou reyalize l? Nan ki delè yo ka eklèsi jou ki nesèsè a (yo)?

Ki resous, estrikti ak sipò ki disponib pou sèvi ak yo ? Pwogram d antrènman yo, zouti kominikasyon yo, fasilite entèn yo, volontè (*benevòl*) yo, espas (*lokal*) rankont yo, bidjè yo, etc ?

Ki bèf sakre, « Sèf mouri » ak lòt bagay nou pa dwe janbe ? Kilè n pral reyini e ki kote ? ( jou yo, lè yo, lokal yo)

Kilè n ap konnen pwosesis sa vrèman mache ? Nan rankont la ? Apre rankont la ? Yon mwa pita ? Kat (4) mwa pita ? Lòt ane ? Pwochen enkèt (*etid, kesyonè*) ? E kòman nou pral fè konnen...nan tout nivo ?

Ki dokimantasyon ki oblije soti nan rankont lan ? Ki moun ki pral itilize l ? Ki moun ki pral distribiye l e bay ki moun? Eske l pral tounen kòmansman yon rapò ki pi long, yon rapò fòmèl, ou yon anons pou yon sèl fwa?

Ki sipò e resous ki dwe genyen pou chanjman moun plis dezire fè yo fèt? Si yo pa disponib èske moun rekonèt yo? Envite? Kreye yo nan sesyon travay atelye yo?

Ki lòt bagay k ap pase nan mond lan, nan kominote a ou òganizasyon an, e nan sityasyon endividyèl yo ki sanble gen enpòtans konyeya?

### III (A). ELABORASYON ENVITASYON AN: KISA NOU VLE PATISIPAN YO FÈ?

Envitasyon an literalman (*an verite*) mande moun pou fè bagay sa yo. Lis bagay pou fè yo ka enkli anpil nan aspè sa yo:

- Remake sa k ap pase a, pou kisa se tan sa pou aji
- Revize etid done, done anekdotik, priyorite yo lidè yo te met devan (*konsidere*)
- Pale ak lòt moun – ki pwoblèm ki pi enpòtan e priyorite yo?
- Konsidere aksyon ki nesèsè nan lokalite a, gwoup la, oubyen zòn nan
- Idantifye resous ke w genyen e ke w bezwen (bidjè)
- Idantifye bezwen sipò yo (moun)
- Konprann “objektif,” e akonplisman (*satisfaksyon*) l, kòm objektif (*bi*) jounen an
- Pote laptòp, selilè, done, nèt, e mete yon moun disponib pou apèl
- Prepare pou bay done adisyonèl sou priyorite lidè yo (posibman)
- Prevwa yon fòm byen laj pou jounen an, prevwa pou prepare pwòp ajanda w, konekte l ak lòt, asepte etap aksyon espesifik yo ak plan yo ke w wè ki enpòtan e nesèsè menm jan ak ajanda a – pou lane pwochèn.
- Prevwa pou pran responsablite dirèk pou bagay yo vrèman bezwen e renmen yo.
- Ale nan lokal rankont lan, ak lè rankont lan, asepte rete pou tout pwogram nan. Pafwa gen yon kalite « orè » ou esplikasyon fòm a konn enkli, men sa pa obligatwa.
- Konsidere sa kòm premye nan yon seri sesyon (trimestriyèl) pou fè travay ki pi enpòtan ki pa ka e ki pap fèt ankenn lòt kote.

Envitasyon an finalman enkòpore e nesèsite rezolisyon tout itilite, moun, lojistik, ak kesyon dirabilite yo nan paj ki vinn avan yo.

Kou sa fini, travay pi di (souvan « envizib ») la fini e « vrè travay » distribisyon envitasyon, enskripsyon patisipan yo, pwokirasyon materyèl yo, e petèt devlopman sipò kontini ka kòmanse. Note ke dènye nan tach sa yo ka espesifye (*klase*) kòm *tout ou ti kal* nan sa patisipan yo te envite pou fè.

### III (B). ELABORASYON ENVITASYON AN: KÈK FÒMIL ENVITASYON OUVÈT (ECHANTIYON)

Souple vin patisipe ak nou pou... Objektif nou an senp e enpòtan...

Nou bezwen (e vle) bon jan (*pwofon*) angajman w nan pwoblèm ak opòtinite yo ki antoure prezan ak avni (*fiti*)... vè rezolisyon pwoblèm kouran yo e reyalizasyon potansyèl ineksplwate yo pou...

Nou te fè bon travay e nou dwe fè pi byen toujou... pou sèvi pwòp tèt pa nou, òganizasyon nou yo, e kominote nou yo...

Travay nan sesyon sa pral kontribiye/ dirije nou vè...

Paske ou sansib (*renmen*) pou... ou gen teknik yo, eksperyans ak pèspikasite ki esansyèl pou fè l pi byen.

Diferans opinyon ekziste, men se deyò rich divèsite sa a ke bon jan avni ka boujonnen (*fiti puisan ka koumanse*) konyeya la.

...espere ke chak youn nan nou pral met tout bagay sou tab la... san bèf sakre (*san rezèv*)... san anyen endiskitab... sèl opozisyon ak limit yo se...

...espere pou melanje esperyans pase, reyalitye prezan yo ak tout espwa nou yo ak rèv pou lavni nan...

Kote ki gen akò, nou ka avanse. Kote ki gen diferans nou ka chèche konpreyasyon, pwen komen (*menm avi*), konpwomi egzekitab (*ki ka travay ou "mache"*).

Okenn nan sa yo pa ka fèt san konvèsasyon ouvèt, onèt e pasyon (*atansyon*) lakay chak youn nan nou.

...pwomèt ou... 1) Anvan nou ale chak grenn kesyon ki konsène chak nan nou pral sou tab la, si yo chwazi mete l la. 2) Tout pwoblèm yo pral resevwa yon diskisyon an plen jan w vle chwazi ba yo l la. 3) Ou pral resevwa rapò ekri diskisyon an ak rekòmandasyon yo avan w ale. 4) Tout pwoblèm yo pral klase nan lòd priyorite ke gwoup sa detèmine. 5) E finalman, sa pral idantifye gwoup travay yo e pwochen etap imedya yo pou tout pwoblèm gwo gwoup la ki pi enpòtan ak nenpòt lòt pwoblèm ou vle pouswiv. Sa se yon pwomès. ...si ou soti la ap bougonnen (*mamote*) pou kont ou ke nou pat janm pale de pwoblèm ki vrèman enpòtan pou ou yo, souple note (*sonje*) ke moun ki responsab pou sa a se ou menm menm.

Li lè pou kòmanse travay... ki pwoblèm ak opòtinite pou...ke ou prete atansyon yo ?

#### IV. GRAN PWEN AN : “ANN ALE !”

Kisa ki dwe pase kounye a pou fè òganizasyon an mache kòmsadwa (*jan li dwe ye*) ? Kisa w ka kontribiye pou fè bagay sa yo fèt nan lane pwochenn (ou nan yon lòt tan)?

Kesyon sa yo ka fomile an gwo (jeneralman) nan tèm taktik estratejik ou ki pi esansyèl (*pi serye*) yo. Sa ki esansyèl la se ke yo gen sans pou moun ki pral envite pou patisipe yo, e ke moun ki envite yo se an reyelite moun sa yo ki finalman nesèsè pou aklonpli sa k dezire a. Premyeman, fè bouyon nenpòt bagay. Epi teste l sou nenpòt patisipan posib e/ou esponsò yo ou gwoup lidèchip, envite ti revizyon ou konplètman re-ekri, jouktan l « mache .»

Kisa envite w yo dwe kreye e fè kounye a, baze sou kondisyon kouran yo, done, infòmasyon (nouvèl) yo, priyorite yo, resous yo, bezwen ak tout lòt rès yo ? Ki avni (fiti) «objektif » la ? Ki Objektif ak Opòtinite yo pou atenn « isi dezire a » (*soti nan kriz*) ? Kòman nou ka « reyisi » ansanm konye a?

Panse ak envitasyon w lan tankou yon istwa, oubyen yon lèt pou zanmi oubyen kòlèg yo. Kòmanse l ak « Te gen yon lè...» ou «Kòm san dout ou deja konnen... », si w vle. « Tanpri patisipe ak nou ! ...Ann ale (*koumnase*) ! ...M konte sou ou (*N ap wè*) ! »

...e bòn chans !

## **V. ENVANTÈ POU YON RANKONT ESPAS OUVRI**

### **Jistifikasyon**

Eske se metod Espas Ouvri nou vreman bezwen pou atenn objektif nou yo ?

### **Tèm**

Eske li klè, santre, men avek espas sifi pou fasilite imajinasyon grandi ?

### **Envitasyon**

Eske gen ase enfomasyon k ap pemet envite yo rive byen, tou pare pou antre nan travay.

### **Tan ( Lè)**

Eske nou gen ase tan pou reyalize sa nou vle a ? Yon jou pou yon bon konvesasyon, 2 jou pou gen yon rapo ekri, 3 jou pou mete tout bagay ansanm

### **Espas prensipal**

Eske sal pou gwo wonn gen ase espas pou tout patisipan byen chita nan yon wonn, oubyen 2 e 3 wonn, youn anndan lot.

### **Mi pou mete afich**

Eske gen yon yon mi nan gwo sal ki gen ase espas kote tout patisipan kanpe devan l ? epi eske tep kapab kole sou li nan pwoblem ?

### **Lòt espas**

Eske gen ase lot espas kote patisipan kapab chita pou pale ? menm pou travay avek fasilite ?

### **Manje ak bwason**

Eske gen ase aranjman pou rann fleksib posibilite pou manje ak goute ?

### **Materyel ak Ekipman**

- Eske nou gen materyèl nesèsè pou kòmanse ?
- Tep (anviwon 5 woulo)
- Makè ak lank ( dives koulè, epi anviwon 50 pou 100 patisipan)
- Gwo papye
- Post-its
- Mikwofòn (an ka bezwen epi gen enfrastriti pou sa)

## VI. WÒL FASILITATÈ ESPAS OUVRI

Fasilitatè ideyal espas ouvri a, yo di, se yon moun ki totalman prezan e nan menm tan, envizib pandan rankont espas ouvri a. Sa vle di, selon gwoup la, se preske kom y ap reyalize espas ouvri a poukont yo san fasilitatè. Men, fasilitatè ap byen obzève tout bagay epi disponib pou fè entèvansyon nesese san lòt moun menm wè sa. Pa egzanp, si genyen bri oswa lòt enkonvenyans pandan rankont la, fasilitatè kapab pran responsabilite pou asire anbyans la nòmal: pa genyen bri oswa elatriye.

Nòmalmman, premye bagay pou fè nan reyalizasyon yon espas ouvri se pou travay ak moun nan lidèchip pou kreye yon komite ki pral pran responsabilite pou reyalizasyon an. Ideyalman, komite a genyen ladan l moun ki reprezante diferan kategori moun ki pral patisipe nan rankont espas ouvri a. Pa egzanp, si w ap fè yon espas ouvri sou sijè edikasyon epi nou swete enplike sektè diferan, fòk nou genyen nan komite a yon moun ki fè pati nan chak sektè ki konsènen. Fasilitatè jwe yon wòl enpòtan pou ede moun nan lidèchip fòme komite espas ouvri a. Li kapab enpòtan menm pou moun nan lidèchip yo ekri yon lèt

Men yon gid pou ede fasilitatè yo travay ak yon komite pou reyalize yon espas ouvri :

- Sipòte refleksyon sou planifikasyon yo ak preparasyon lidèchip pou adrèsè tout bagay ki pou fèt avan evènman an konmanse:
  - Bagay estratejik oubyen bi reyinyon/evènman an – asire entansyon ak objektif yo klè epi ekri.
  - Fè bouyon dokiman envitasyon ak metòd distribisyon yo.
  - Elabore lis envitasyon ak pwosesis anrejistreman yo.
  - Detèmine lokal ak dat rankont/evènman an.
  - Reponn kesyon desen/plan, pwosesis, rezilta, lojistik yo
  - Klarifye sipozisyon ak atant sou sa nou konnen epi sa nou pa konnen, nan sa ki kapab rive pandan nou ansanm nan espas ouvri a
  - Antrene manm nan komite yo sou kòman reponn kesyon ki sòti nan patisipan ki envite yo.
  -

- Fè revizyon envitasyon an. Souvan se fasilite ki fè premye bouyon epi asire tout moun nan komite a jwenn li pou bay fidbak yo. Apre manm komite a bay fidbak yo, souvan se fasilite ki asire remak yo entegre nan denye vezyon lèt envitasyon an.
- Fè vizit nan lokal kote reyinyon Espas Ouvri a pwopoze pou fèt. Fè konesans ak estaf yo. Konfime ke yo gen tout sa ki bezwen, si gen ase espas sou mi an pou kole papyè yo, ase espas pou fè gwo wonn nan, ase espas pou fè atelye yo, elatriye.
- Detèmine ak komite espas ouvri a ki lès ki pral responsab pou achte materyèl. Si se lòt moun nan komite a, bay lis materyèl ak ekipman detaye, epi ede yo jwenn sa yo bezwen.
- Avan evènman an kòmanse, mete tout bagay an plas, nan lokal la . Pale ak estaf lokal la pou ede yo konprann ki jan pou yo travay pi fasil nan anviwònman espas ouvri a.
- Prepare yon sèl lidè pou ouvri espas la, fè entwodiksyon an ansanm ak yon istwa twa minit anviwon pou di kòman nou rive la.
- Fasilite espas ouvri a ; prezante tèm, esplike prensip epi jan tout bagay pral mache, epi envite moun kreye ajenda. Fen jounen/fen rankont la pandan gwo wonn, fasilite epi asire planifikasyon etap k ap swiv yo. Se sa ki pi vizib nan travay fasilite a, epitou se sa ki pran mwens tan pou li.
- Kowòdone pwodiksyon dokiman reyinyon pou tout patispan yo:
  - Kreye yon dokiman rapò reyinyon ak kouvèti, envitasyon, vòt/apwobasyon (si genyen), nòt, lis patispan yo.
  - Ajoute nòt “planifikasyon etap k ap swiv yo” nan dokiman rapò reyinyon an.
  - Kowòdone konpilasyon nòt atelye yo.
  - Kowòdone pwosesis fotokopi ak distribisyon dokiman rapò reyinyon an. Se ideyal lè nòt yo kapab parèt sou yon paj entènèt epi tout moun ki enterese kapab jwenn yo.

- Pale ak lidè yo/manm nan komite espas ouvri a nan fen chak jou pou wè ki jan sa mache, ki lòt bezwen.
- Fasilite yon reyinyon swivi (3 oubyen 4 èdtan), 6 oubyen 8 semenn pita, avèk komite espas ouvri a, pou wè sa k rive ak 'planifikasyon etap k ap swiv yo' e pou detèmine ki sa ki gen pou fèt ankò. Oswa, sa ki pi bon... fè yon atelye fòmasyon ak pratik (2 jou), epi anseye yon gwoup moun ki jan pou fasilite etap ak lòt reyinyon ki swiv premye evènman Espas Ouvri a.

## **VII. KEK EKZANP LET ENVITASYON.**

Chè Kòlèg, Medam, Mesye,

Avèk anpil respè, nou voye yon gwo salitasyon ak konpliman pou tout bèl travay n ap fè pou amelyore lavi nan kominote yo an Ayiti, epi nan demach pou favorize plis patisipasyon nan travay nou. N ap pwofite envite ou vin patisipe nan setyèm Espas Ouvri sou Espas Ouvri an Ayiti sou tèm :

**Pratike Espas Ouvri :**

**Kòman pou sèvi ak Espas Ouvri si nou vle òganizasyon yo vin pi efikas ?**

**Dat : 27, 28, 29 jen 2008**

N ap envite moun vin soupe ansanm jedi 26 jen a 5:00 epi n ap fini apre manje midi dimanch 29 Jen 2008.

**Lokal : Villa Ormiso, Bizoton 53, #7 carrefour.**

Villa Ormiso se yon guesthouse ki genyen yon sal konferans epi ase chanm ak kabann pou plis pase 50 pesòn. Li genyen anpil frechè ak bon sekirite. Gen pakin pou moun k ap vin ak machin, pisin pou moun ki konn naje, epi entènèt wireless.

Espas Ouvri se yon fason pou envite kreyativite ak inovasyon, kit se oganizasyon ou kote ou travay, kominote ou, legliz ou, antrepriz ou, nan fanmi ou, e menm pou lavi pesonel ou. Lè nou pratike Espas Ouvri, sa ankouraje efikasite, kreyativite ak tèt ansanm. Rankont sa pral ofri nou posibilite pou n pataje eksperyans nou yonn ak lòt.

Nou pral sèvi ak metòd Espas Ouvri pou rankont sa, yon metòd patisipativ ki mete responsabilite pou program nan, nan men tout patisipan. Pou moun ki pratike Espas Ouvri deja, sa pral ba w opòtinite pou apwofondi eksperyans ou. Epitou, sa pral bay nouvo moun posibilite dekouvri Espas Ouvri.

### **Frè Patisipasyon :**

Etranje yo ki pa rete ann Ayiti : US\$ 300 anrejistraman, manje ak dòmi.

Moun ki travay nan antrepriz oswa ONG : \$ 90 ameriken (anrejistreman ak manje Selman : ti dejene, dine ak soupe), \$ 45 ameriken anplis pou dòmi twa nwit = \$ 135 ameriken Total pou tout.

Tout lòt moun : \$ 60 ameriken (anrejistreman ak manje Selman : ti dejene, dine ak soupe), \$45 ameriken anplis pou dòmi twa nwit = \$ 105 ameriken Total pou tout.

Plas limite. Nou ankouraje nou pou pa ret tann jis denye moman pou enskri. Denye dele pou enskri se 15 jen 2008. Pou moun k ap peye ak chèk n ap mande ekri chèk la nan non Villa Ormiso.

Pou jwenn plis enfomasyon epi pou konfime prezans nou kontakte :

**Fremy Cesar : [fremycesar@hotmail.com](mailto:fremycesar@hotmail.com)**

**Abelard Xavier : [xabelard@yahoo.fr](mailto:xabelard@yahoo.fr)**

**Kerline Janvier : [kem2janvier@yahoo.fr](mailto:kem2janvier@yahoo.fr)**

**Ulrick Denis : [ulrickafr@yahoo.fr](mailto:ulrickafr@yahoo.fr)**

**John Engle : [john@johnengle.net](mailto:john@johnengle.net)**

**Pwogram  
26-29 jen 2008**

<b>Jedi</b>	
4 è pou 5 è apre midi	Rive, enstale, anrejistre
6 :30	Soupe
7 :30	Prezantasyon chak moun
<b>Vandredi</b>	
7:30	Ti dejene
8:30	Byenveni, Prezantasyon Espas Ouvri epi Kreye ajenda ansanm
10 è – 11è	Atelye
11è – 12è	Atelye
12è – 1:30	Manje midi
1:30 – 2:30	Atelye
2:30 – 4 è	Atelye
4 è – 5è	Gwo wonn ( Ki kesyon nou vle apwofondi?)
6 :00	Soupe
Leswa ( jiska 9 :30)	Atelye pou moun ki vle
<b>Samdi</b>	
7:30	Ti dejene
8:30	Anons, lojistik, Rapèl sou Espas Ouvri epi Kreye ajenda ansanm
9 :30 – 11è	Atelye
11è – 12è	Atelye
12è – 1 :30	Manje midi
1:30 – 3è	Atelye
3è – 4 è	Atelye
4 è – 5è	Gwo wonn ( Ki pwen ki merite yon desizyon?)
6:00	Soupe
Leswa (jiska 9 :30)	Atelye pou moun ki vle
<b>Dimanch</b>	
7:30	Ti dejene
8:30	Gwo wonn – fè anons, pataje kèk refleksyon
9 è	Gade epi travay sou ajenda ansanm - Ki Aksyon n ap pran ?
10 è – 11è	Atelye
11è – 12è	Denye Wonn
12è	Manje, epi depa

***Avek espas ouvri, tout bagay baze sou pasyon ak resposabilite.  
Se nou tout ki responsab pou rezilte rankont la. Mèsi pou patisipasyon PA OU!***

*Fòmasyon entansif sou metòd Espas Ouvri  
Villa Ormiso  
Carrefour, Haiti  
24 – 26 mas 2008*

### **KI KALITE FOMASYON SA YE ?**

Espas Ouvri se yon metòd pou anime rankont ak konferans, epi pou ede moun kolabore pi byen. ONG, antrepriz, gouvènman ak lòt enstitisyon nan lemond antye ap sèvi avek Espas Ouvri. Metòd sa a gentan sèvi nan plis pase 130 peyi, epi moun temwaye li ede gwoup ak endividi menm devlope kapasite pou pran responsabilite pou lide yo. Espas Ouvri se yon fason pou envite kreyativite ak inovasyon, kit se oganizasyon ou, kote ou travay, kominote ou, legliz ou, antrepriz ou, nan fanmi ou, e menm pou lavi pesonel ou. Pou aprann pi plis sou Espas Ouvri nan lemond ale sou [www.openspaceworld.org](http://www.openspaceworld.org) epi ann Ayiti ale sou : [www.espasouvri.org](http://www.espasouvri.org)

### **OBJEKTIF FOMASYON AN**

Pemèt patisipan aprann epi apwofondi sou lide debaz Espas Ouvri, epi koman ak ki sikonstans pou sèvi ak metòd la.

### **KI MOUN KI KAPAB PATISIPE NAN FOMASYON SA A ?**

- ❖ Manm KFEL yo ( KFEL se yon komite ki bay lidèchip nan yon fòmasyon ki rele Kominote Aprantisaj. Ale sou [www.eksperyansla.info](http://www.eksperyansla.info) pou aprann pi plis.)
- ❖ 2 moun nan chak gwoup ( genyen twa gwoup ) ki fenk konplete fòmasyon 6-mwa, *Kominote Aprantisaj*
- ❖ Moun ki fè pati nan oganizasyon, enstitisyon oswa gouvènman ki enterese nan lidèchip patisipatif.

### **POUKISA METOD ESPAS OUVRI ENPOTAN JOUNEN JODI A ANN AYITI ?**

N ap viv nan yon kontèks kote bon lidèchip ap vin pi enpòtan chak jou. Peyi nou ap konfwonte pwoblèm grav tankou grangou, pi fò nan timoun Ayisyen pa p jwenn bon edikasyon, koripsyon, viyolans, anviwonman k ap deteryore chak jou, elatriye. Epitou, kominote yo ap vin pi sansib sou kesyon patisipasyon. Anpil moun ap pale sou enpòtans dyalòg ant moun nan sektè divès. Genyen enstitisyon entènasyonal k ap egzije inisyatif yo soti nan kominote defavorize menm epi se manm kominote k ap responsab pou jere. Yon sityasyon ki konplike konsa mande nou repanse pratik ak lide nou. Metòd Espas Ouvri se youn nan zouti enpòtan ki kapab ede nou abòde defi n ap konfwonte.

### **PWOGRAM**

Nou pral sèvi ak metòd Espas Ouvri pou rankont sa, yon metòd patisipatif ki mete responsabilite pou program nan, nan men tout patisipan. Pou moun ki pratike Espas Ouvri deja, sa pral ba w opòtinite pou apwofondi epi pataje eksperyans ou. Sa pral bay nouvo moun posibilite dekouvri Espas Ouvri.

## **KI SA PATISIPAN AP APRANN KONKRETMAN ?**

1. Etap yo pou fòme yon komite epi ede yo prepare pou yon espas ouvri.
2. Prinsip ki kapab gide yon komite k ap travay sou yon tèm ak lèt envitasyon.
3. Ki sa lèt envitasyon bezwenn kominike.
4. Koman pou prepare espas la.
5. Koman pou anime Espas Ouvri a - nan komansman epi finisman elatriye.
6. Swivi apre yon rankont Espas Ouvri.
7. Koman pou prepare yon kontra kòm konsiltan Espas Ouvri.

## **ANIMATE YO**

**Fremy Cesar**, lisansye nan Sosyoloji, ko-fondatè Bibliotèk Rasin Lespwa, ap fasilite rankont Espas Ouvri depi anviwon 9 lane. Li se kowòdonate yon pwogram devlopman lidèchip nan Fondasyon Limyè Lavi ([www.eksperyansla.info](http://www.eksperyansla.info)). Li se ko-fondatè ak pwomotè Enstiti Espas Ouvri ann Ayiti. Kòm konsiltan Espas Ouvri, li travay pou “Concern World Wide” , AGI, Fonkoze, Vizyon Dwa Ayisyen ak anpil lòt òganizasyon lokal tou patou ann Ayiti.

**John Engle**, kofondatè Fondasyon Limyè Lavi ak Beyond Borders ([www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net)), ap sèvi ak metòd espas ouvri pou pi plis pase 15 an. Li se manm Konsèy Administrasyon Open Space Institute, USA ( Enstiti Espas Ouvri Ozetazini ) pandan 4 an. Kòm yon konsiltan nan Espas Ouvri ([www.johnengle.net](http://www.johnengle.net)) li konn travay ak Bank Mondial, Amnesty International, avek anpil lòt enstitisyon ak konpayi.

**Abelard Xavier**, animatè sosyal, kofondate Rasin Lespwa ak Bibliotek Rasin Lespwa. Li kowodone nan tet kole ak Fremy Cesar e John Engle pwogram “Eksperyansla” ([www.eksperyansla.info](http://www.eksperyansla.info)). Li sevi ak metod Espas Ouvri pou devlope e fe pwomosyon metod “ Refleksyon Bib la”.

## **FRE PATISIPASYON**

A) Manm rezo KFEL

\$ 80 US – fòmasyon, lojman pandan de (2) nwit ak piti dejene, manje midi, ak soupe.

*Genyen kek bous ki disponib. Kontakte nou si oganizasyon ou pa ka kouvri depans sa a epi ou enterese resevwa yon bous.*

B) Lòt patisipan

\$ 125 US – fòmasyon, manje midi pandan 3 jou.

\$ 200 US – fòmasyon, lojman pandan de (2) nwit ak piti dejene, manje midi, ak soupe.

**KI KOTE ?**

**Valla Ormiso, Bizoton 53 # 7.**

**KOMAN POU ANREJISTRE ?**

Voye yon mesaj imel pou Abelard Xavier : xabelard@yahoo.fr oubyen rele l nan nimewo : 509-656-0644.

**Denye dele pou peye pou moun ki pa fè pati nan KFEL se 13 mas.** Si se ak yon chèk w ap peye, ekri chèk la nan non Villa Ormiso.

**ESKE GENYEN LOT KESYON ?**

Kontakte :

Abelard Xavier : xabelard@yahoo.fr

John Engle : john@johnengle.net

Fremy Cesar : fremycesar@hotmail.com

**PLAS YO LIMITE ! KONTAKTE ABELARD PI VIT POSIB SI OU VLE PATISIPE.**

*Bòn patisipasyon !!!*

**Seminè Espas Ouvri**  
Villa Ormiso  
24-26 Mas 2008

**Pwogram**

Lendi 24 mas	
11 è pou midi	Rive, enstale, anrejistre
Midi	Manje ansanm
1:30 – 3:30	Prezantasyon chak moun ak entwodiksyon metòd Espas ouvri
3:30 – 5 è	Atelye - Posibilite yo : Espas ouvri : <b>Ki kesyon nou vle diskite ?</b> <b>Ki eksperyans nou vle pataje ?</b> <b>Ki pwèn enpòtan nou vle abòde?</b>
5 è – 5:30	Gwo wonn
6 è	Soupe
7:30 – 9 è	Kreye senaryo pou travay nan atelye demen
Madi 25 mas	
7:15	Ti dejene
8:30 – 9 è	Gwo Wonnn - anons, nouvell ak refleksyon
9 è – midi	Atelye sou senaryo
Midi	Manje ansanm
1 è – 5 è	Prezantasyon chak gwoup ak diskisyon
5 è – 5:30	Evalyasyon ak refleksyon sou jounen an
6 è	Soupe
7:30 – 9 è	Fè pratik sou prezantasyon metòd Espas ouvri a
Mekredi 26 mas	
7:15	Ti dejene
8:30 – 9 :30	Gwo wonn – anons, nouvel ak refleksyon epi detèmine sijè pou denye atelye : <b>Ki aspè nou vle pwofondi ?</b>
9 :30 – 11 è	Atelye
11 è – midi	Dènye Gwo wonn
Midi	Manje midi
1 è	Depa

*Avek Espas ouvri, tout bagay baze sou pasyon ak resposabilite.*

*Seminè sa a baze sou prensip Espas ouvri yo.*

*Se nou tout ki responsab pou rezilte seminè a. Mèsi pou patisipasyon PA OU!*

## **IX. MODEL PREZANTASYON ESPAS OUVRI**

**Tèm :**

**Dat:**

Bonjou tout moun. Mwen byen kontan mwen la avek nou maten an. Mwen ta renmen remèsi ( site kek non moun ki te patisipe nan planifikasyon yo) pou elabore lide fè yon gwo echanj komsa.

Kounye a, nou pral sèvi ak yon metòd ki rele Espas Ouvri, ki pral pèmèt noumenm, ansanm, bati yon pwogram pou lajoun. Mwen pa konnen si nou gentan konstate. Mi sa a, kote pral gen pwogram, li blanch kounye a. Sa vle di, nou gen yon ti travay devan nou. Nou gen pou n detèmine ansanm ki sijè, ki aspè, ki kesyon ki fè pati gwo tèm nou an, ki dwe parèt la, sou mi an. Sa pral pran nou apeprè 30 minit pou fè mi a plen ak sijè, kesyon, aspè, ki nou pral abòde jodi a.

Avan mwen komanse eksplike nou koman nou pral derape la, m ap mande nou pou n pran yon moman an silans. Nou gen yon bon bout travay devan nou. Pinga nou antre ladan l san nou pa byen santralize nou. M ap mande nou pran yon moman an silans pou n fikse tout atansyon nou, tout lespri nou la, nan po nou, nan sal sa a.

Amèn. Ayibobo. ( Swivan kalite moun ki fè pati gwoup la)

Menmsi, mi an blanch san pwogram, nou konnen poukisa nou la. Nou gen yon tèm. Li la, sou mi an. Nou tout la paske nou enterese sou, “( site tèm nan). Se yon tèm laj. Gen anpil aspè diferan ki kapab tombe anba tèm sa a. Nou gen yon dèfi pou leve. Menmsi sal sila plen ak eksperyans, sajès ak konnesans, fòk nou asire ke moun ki enterese sou menm aspè oswa sijè jwenn ansanm.

Mètòd espas ouvri a, pral ede nou leve dèfi sa a. Mwen ta renmen di de twa mo sou metòd la pou asire nou, li pral itil. Nan ane 83 konsa, te genyen yon gwoup moun ki t ap travay ansanm nan domèn òganize konferans pou lòt òganizasyon. Yo te gen abitud fè gwo konferans pou yon pakèt enstitisyon diferan nan le mond antye. Nòmalmant, apre chak konferans/rankont, yo t ap mande moun ranpli yon fomilè pou evalye rankont la. Yo te komanse konstate ke, a lafen de yon konferans, anpil moun te remake yo te plis renmen echanj enfòmèl pandan rankont la. Patisipan t ap ekri nan fomilè evalyasyon ke dyalog yo, konvèsasyon yo, ki te fèt pandan poz kafe, repa,

moman detant yo - aktivite deyò pwogram fòmèl - te pi rich e enteresan pase gwo diskou ak lòt aktivite ki te pwograme. Menmsi moun ki t ap planifye ak oganize rankont la te pedi anpil tan, anpil enèji pou planifye yon bon pwogram fòmèl, byen striktire, patisipan yo te remake yo te prefere echanj ki pa t pwograme. Yo te santi, pandan moman detant yo te gen plis posibilite pou vreman aprann sa yo te vle aprann epi rankontre moun yo te dwe rankontre.

Vwa la. Espas Ouvri se yon fason pou kreye yon ambyans detant. Yo ambyans kote patisipan yo gen plis libète e plis responsabilite tou. Anfen, ak metòd sa a, n ap mare pasyon ak responsabilite. Depi ou pasyone sou yon bagay, ou gen konviksyon sou yon pwèn oswa sijè, fòk ou pran responsabilite pou li. Anfèt, eske se pa konsa tout bagay nan lavi ki gen enpòtans ap reyalize? Moun ki pasyone sou yon bagay pran responsabilite pou reyalize l.

Kounye la, gen moun k ap sèvi ak espas ouvri nan le mond antyè. ...Gwo antrepriz kòm shell ak Ford Motor Company, ONG, Minis Govènmantal, Lekòl, Legliz, Inivèsite, Oganizasyon de baz, la bank mondyal. Ann Ayiti, nou sèvi avek li regilyèman nan rankont ak lòt ONG, avek oganizasyon de baz yo, e avek rezo ....(site kek ou konnen).

Devan nou la, nou genyen yon tablo pou afich. M ap mande nou menm komanse reflechi sou yon tèm oswa aspè oswa kesyon nou ta renmen abòde. Sou ki sijè oswa kesyon patikilye ou ta renmen chita pale ak lot moun ki enterese. Reflèchi sou koman ou kapab ekri tèm sa a trè kout, trè klè epi prèsi. Talè, m pral mande nou vin bò isi pou ekri li sou yon mòso papye.

N ap wè la, genyen sesyon ki dire plis ke de (2) zedtan ak lòt ki dire enedtan sèlman. Sa vle di, si ou vle jwenn plis tan pou abòde sijè pa w, ou pral mete l nan maten. Aprè ou gentan detèmine koman ou pral ekri sijè ou, epi si ou vle abòde l nan maten oswa aprèmidi, ou pral chwazi yon kote pou atelye ou. La, n ap wè yon eksplikasyon kote n ap jwenn tout andwa atelye yo. Men, depi ou fin konnen koman ou pral ekri sijè ou, pa gen pwoblèm. Nou gen kek moun( ou kapab site non moun yo) ki pral ede nou fin afiche l.

La, n ap jwenn yon rezime tout responsabilite ou pral gen depi ou afiche yon sijè. Se pa konplike ditou. Se tout afè lojik. (montre moun koman yo pral vin devan epi ekri sijè yo)

- Ekri sijè, ak non ou**
- Anonse l (ou pa bezwen esplike l)**
- Chwazi yon post-it epi afiche l**
- Parèt nan atelye a, chwazi yon moun pou pran nòt e pou bay rezime a 3:00**
- Anime diskisyon – favorize patisipasyon tout moun**

La, w ap jwenn yon gid pou ede ou lanse diskisyon an : “mwen te ekri sijè sa a paske ....”(bay yon eksplikasyon tou kout “kounye a, annou fè yon wonn. Chak moun prezante tèt li epi eksplike poukisa sijè sa a enterese l.”

Fòk nou sonje remèt nòt yo! Nou pral prepare yon rapò epi fè chak moun prezan jwenn yon kopi. N ap depann sou nou pou remèt nòt yo avan nou kite lokal la, jodi a. Gen odinatè la pou moun ki vle tape nòt yo pèsònèlman. Moun ki ekri nòt, ekri yo pou lòt moun ka li yo.

Nan Espas ouvri gen yon « mache vilaj » tou. Apre tout moun ki vle prezante yon atelye gentan vin ekri l, anonse l, epi afiche l - sa ka pran 10-15 minit - nou pral gen yon ti moman ki rele « mache vilaj la ». Lè w ale nan mache a kisa nou konn fè, nan lavi kotidyen ? Nou cheche bagay ki enterese nou epi nou negosye pri yo. Nan espas ouvri se prèske parèy. Tout moun pral vin devan mi la, kanpe gade tablo afich yo epi detemine kisa yo ta renmen patisipe ladann. Epi, nou pral ekri non w sou papyè. Sa pa vle di, fòk ou la, setennman, men sa vle di, ou gen entansyon pou patisipe nan atelye sa a. Petet, nou pral konstate gen sijè ki makonnen. Moun gen dwa negosye avèk animatè yo pou pwopoze mete yo ansanm. Men, selon mwen menm, pa gen pwoblèm si gen plizyè atelye sou menm sijè. Nou konnen, gen le dyalòg ant yon ti gwoup moun kapab pi rich anpil pase dyalòg k ap fèt nan gwo gwoup. Yon lòt bagay ki ka rive. Petèt moun ka konstate gen de atelye ki enterese yo pandan menm sesyon. Pa gen pwoblèm, negosye ak animatè yo pou fè yon ti chanjman. “Mache Vilaj la” kapab pran yon 15 minit konsa. Pa gen pwoblèm. Epi lè nou lage nan faz « mache vilaj la » mwen fini ak prezantasyon mwen an. Nou ka ale nan premye atelye ki enterese nou. Epi n ap tounen la a 5:00 nan gwo wonn sa a. Alò, moun ka ale manje a 12:00 pil epi gen yon poz kafe a 3:00 pil.

**Prensip pou gide nou...** N ap wè yo la, sou gwo papye. Yo ka parèt yon ti jan dwòl men yo pral sèvi nou byen kamenm.

- ❖ **Moun Ki Parèt nan atelye w ap fe, se moun ki sipoze la.** Sa vle di, pa okipe tèt w sou kilès ki la epi kilès ki pa la.
- ❖ **Le Atelye a kòmanse se le li dwe kòmanse.** Pa okipe tèt nou twòp sou ki lè li ye. Se klè, nou pa ka pwograme enspirasyon ak kreyativite. Atelye yo ka kòmanse pi bonè oswa yon ti jan anreta.
- ❖ **Sa ki pase nan atelye a se sa ki dwe pase : aprann, avanse.** Sa vle di, pa enkiyete w apre si nou manke pale sou tel sijè, si nou p at touche tèt w. Ak espas ouvri, kapab gen bagay ki pase ki pral etonne nou.
- ❖ **Lè atelye a fini li fini.** Depi n ap chita nan yon ti wonn epi sanble gwoup la gentan fin byen abòde tèm nan, men gen tan ki toujou rete nan atelye a, gwoup la ka deside atelye a fin travay epi patisipan yo kapab deside al patisipe nan yon lòt atelye. Oubyen petèt, lide nou yo pral fèk kòmanse boule byen epi tan gentan fini. Pa gen pwoblem! Gwoup la ka deside rate pwochen atelye yo te sipoze patisipe ladann.

**Lwa de pye...** Gen yon sèl lwa nan espas ouvri - n ap wè l sou mi a. Lwa de pye vle di, si n ap chita nan yon atelye epi w santi ou p ap aprann yon bagay ni w pa ka kontribye nan chita pale a, fòk ou sèvi avèk de pye w, leve, kanpe epi ale patisipe nan yon lòt atelye oubyen yon lòt aktivite. Pa gen pwoblem di tou si w fè sa. Moun k ap anime atelye a dwe konnen moun den dwa leve, kanpe kite chita pale a. Se pa pou animatè santi l blese/mal/wont si sa rive. Avantaj lwa de pye konn pote:

- ❖ Animatè a konnen, se sèlman moun ki vrèman vle patisipe nan atele a ki la. Pa gen moun k ap chita tankou zombi – moun yo la paske yo vle la.
- ❖ Lwa a, kreye yon dinamik nou rele papiyon ak myèl. Nou konn gade myèl yo. Yo pase ranmase polenn yon pakèt flè pou fè siwo myèl. Sa vle di, yon moun ki soti nan yon atelye gen dwa antre nan yon lòt epi pote bon lide ke li fèk tandè diskite nan lòt la. Epi nou konn wè papiyon. Y ap fè nenpòt kote li chita pi bèl epi pi enteresan depi papiyon an la. Petèt ou pral kite yon atelye pou ale kanpe sou balkon an oswa fè yon ti mache epi w pral fè ambyans la pi bèl. Souvan, pandan yon ti moman konsa, bèl echanj ak dyalòg kapab pase spontane ak lòt moun ki t ap kwaze ak ou.

## VIII. FÒMILÈ POU MOUN K AP PRAN NÒT.

### Responsabilite moun k ap anime atelye li pwopoze

- Idantifye yon moun k ap pran nòt (ou kapab pran nòt ou menm oswa mande si lòt moun dakò pou fè li)
- Ekri sijè atelye ak non moun ki pwopoze l epi k ap anime l
- Animatè lanse chita pale a avèk yon TI ESPLIKASYON BREF poukisa li pwopoze sijè sa a epi li envite chak moun prezan pou esplike tou kout poukisa li chwazi vini nan atelye sila. Apre chak moun gentan di yon mo sou poukisa yo la, konvèsasyon an kapab demare.
- Ekri non chak patisipan.
- Kapte lide ak pwèn enpòtan ki soti nan atelye a.
- Lè fini, afiche nòt yo sou mi ki make “ SAK PASE ? ”
- Yon ti konsèy pou animatè yo : Pa kenbe kònn nan twòp ou menm. Asire chak moun ki vle eksprime ap jwenn posibilite pou fè sa. Se pou nou pa pè silans. Souvan, se silans ki ankouraje moun ki timid pataje lide li. Remak nou tandè souvan pami moun ki patisipe nan Espas Ouvri yo se, “ Animatè atelye yo te kenbe kòn nan twòp. ”

**Sijè :**


**Animatè :**

**Non moun k ap patisipe :**

--

**Pwen enpòtan : Ou kapab kòmanse nòt yo la epi kontinye sou do paj la ak lòt fèy tou.**

**( Kapab genyen ladan l aksyon moun nan atelye pral pran ak dat sa sipoze reyalize )**

A large empty rectangular box with a thin black border, intended for taking notes or drawing.

Kèk refleksyon sou nòt yo : eseye kapte sa ki te deside epi eksprime yo yon fason ki pèmet moun ki pa t prezan konprann. Sèvi ak mwayen nou prefere pou kapte sa ki te diskite : li kapab nòt ekri sou papye sa a oswa nòt ki ekri sou papye anbalaj (gwo papye sou fliptchat), oswa menm yon desen.

## **KEK OGANIZASYON AK REZO KI SEVI AK ESPAS OUVRI ANN AYITI**

1. ASOSYASYON ANIMATE PEYIZAN LAGONAV (AAPLAG)
2. ALTERNATIVE GIFT INTERNATIONAL (AGI)
3. ABA SISTEM RESTAVEK (ASR)
4. ASOSYASYON JEN POU DEVLOPMAN LA GONAV (AJPDG)
5. BOSTON YOUGH ASSOCIATION (BYA)
6. CONCERN WORLDWIDE
7. ECOLE ST. THOMAS
8. FEDERATION DES EGLISES LUTHERIENNES D'HAITI (FELDHA)
9. FONDASYON KOLE ZEPOL (FONKOZE)
10. GWOUPMAN TET ANSANM PEYIZAN FAYET (GTAPF)
11. KOMISYON FANM VIKTIM POU VIKTIM (KOFATIV)
12. KRETYEN PWOGRE ANSANM (KPA)
13. KONPAY
14. FONDASYON LIMYE LAVI
15. LEKOL KOMINOTE MATENWA (LKM)
16. PROGRAMME ALPHABETISATION POUR LA PROMOTION DE  
L'ENFANCE (PAPE)
17. RASIN LESPWA (RALE)
18. SAVE THE CHILDREN
19. SPARE
20. UNIVERSITE FONDWA 2004 (UNIF 2004)
21. VIZYON DWA AYISYEN (VIDWA)
22. WOTALFA